35 кеп.

**АРГУН № 3**
(на чеченском языке)

**Литературно-художественный, общественно-политический альманах Союза писателей ЧИАССР**

выходит с 1958 года

Редактор издательства **Х. Б. Саракаев**
Художественный редактор **М. Б. Магомаев**
Технический редактор **С. П. Липатова**
Корректор **А. А. Виситаева**

Сдано в набор 12.07.1989 г. Подписано к печати 4.08.1989 г. СФ05206.
Формат 60х84 1/16. Бумага типографская № 1. Гарнитура литературная.
Печать высокая. Усл. печ. л. 6,28. Усл. кр.-отт. 6,39.
Уч.-изд. л. 5,93. Тираж 5940. Заказ № 6410. Цена 35 коп.

Чечено-Ингушское книжное издательство
Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств,
полиграфии и книжной торговли, 364903, Грозный, пр. Ленина, 9

Типография им. И. Н. Заболотного
Государственного комитета Чечено-Ингушской АССР по делам издательств,
полиграфии и книжной торговли, 364021, Грозный, ул. Интернациональная, 12/33

ISSN 0208—1814

# ОРГА



3—1989

# АНАЙИСТАШ

Хьаьжа ХИЗРИЕВ,
исторически Iилманийн кандидат

## Юкъарчу мостагIчунна дуьхьала

### (XIII—XIV-чуй бIешерашкахь Къилбаседа Кавказан а, Закавказин а халкъийн бIаьхаллин доттагIаллех лаьцна).

Монголин феодалийн а, Тимуран а тIелетаршца дозаделла ду Къилбаседа Кавказан этнически карта хийцадалар: аренашкахь а, лаьмнийн кIажошкахь а даха дIатарделира монголийн а, тюркийн а къаьмнаш. Иштта хьал дара Закавказехь а. XIII—XIV-чуй бIешерашкахь Къилбаседа Кавказан къаьмнех цхьадерш лаьмнашкахьа дIатаIийна дара, ткъа вуьйш — Кавказан дукъ а хадош, Закавказехь даха охьахевшира. XV-гIа бIешо тIекхочуш Къилбаседа Кавказан халкъаш даха дIатарделира хIинца шаьш дехаш долчу меттигашкахь.

Кхечу къаьмнийн мехкашдIалецархошна дуьхьал латточу къийсамехь IаIийна билггала зеделларг долуш ду Къилбаседа Кавказан а, Закавказин а халкъаш. 1221-чу шарахь Джэбе а, Субедей а коьртехь хиллачу монголхойн отрядаца дуьхьара хиллачу тасадаларехь, шеко йоццуш, дакъалаьцна ламанхоша а. Амма цунах лаьцна билггала бакъдерш буха ца дисина. Иза иштта делахь а, Рашид-ад-динан «Шератептарийн сборника» тIехь дуьйцу чингисидаша тIелетарш динчул тIаьхьа схьагIоьртинчу Хорезман султанан Джелал-ад-динан эскаршна дуьхьал Кавказан къаьмнаша цхьабарт болуш къийсам латтийна хиларан хьокъехь. 1225-чу шарахь Гуьрже ларъярхошна юкъахь цо билгалбоху сасанаш — вайнах: «Иза (кхузахь — султан Джелал-ад-дин. — Х. Х.) Тебризе веара Исфаханера вухавирзинчул тIаьхьа, тIаккха Гуьрже некъ юьхьарлецира цо. Румски султанаш а, Сирин, Арменин меликаш а шайн мехкийн дозанаш схьа а лоьцуш, цо Iедал дохорна кхерабалар бахьанехь, берриш хьалагIевттира цхьанаметта цунна дуьхьало ян гуьржийн, эрмалойн, серирийн, лезгинийн, кипчакийн, сасанийн, абхазийн, джанбтийн (ханитийн) эскаршца цхьаьна».

«Картло Цховреба» цIе йолчу гуьржийн исторически хроники тIехь иштта аьлла ду оцу хьокъехь: «Азербайджан а йитина, султан шозлагIа а Тифлисана тIеволавелира. Иза ма-хиъинехь, паччахьа Русудана схьакхайкхира малхбалехьара а, малхбузехьара а эскарш.., херийн, кахийн, эрмалойн, джавахийн, месхийн, таойцийн, дидианин, абхазийн, джикиевийн эскарш, схьайиллира Дарьялан гIопаш, цигашхула чубитира хIирий, дзурзукаш (вайнах. — Х. Х.), берриге ламанхой. Дукха а гулбелира уьш Начармачевехь а, уьш берриш цо дIахьовсийра хорезмийцашца къийсам латто».

XIII—XV-чуй бIешерашкахь Кавказехь монголийн ханийн олалла дIахIоьттина, гуьржийн а, азербайджанцийн а халкъийн историхь билггала маьIна леладо ламанхоша. Иза го Закавказин ламанан районашца хIинцалерачу Къилбаседа Кавказан хьалхалерачу дайшна гергара тукхамаш а, тайпанаш а даха охьаховшарца. Иштта ламанан Гуьржа а, цунна гонах долу мехкаш а шайна тIехь баха адыгаш, аланаш, вайнах, дегIастанхой, кхидолу къаьмнаш дIатардаларца доьзна кхечу къаьмнийн «мехкашдIалецархошна дуьхьал Закавказехь чIагIонан кхерч хилла дIахIоьттира» (Г. В. Цулая), ткъа оцо, шен рогIехь, аьтту бира вай дийцинчу къаьмнийн гуьржашций, азербайджанцашций долу гергарло чIагIдан.

Ламанан Гуьржен лаьмнашкахь бехачу вайнахий, кхечу ламанхоший кхача а, тхов-кIело а лора Иранехь ехаш хиллачу талорхойн отрядех Закавказин тайп-тайпанчу областашкара бахархой ларбеш. Иштта, гуьржийн «Хронографо» хаам беш ма хиллара, Закавказе Чормогунан эскарш дуьйладеллачу хенахь (Къилбаседа Кавказе Батый вогIу хан ю иза) «берриш а бевдира гIопашкий, лаьмнашкий, Кавказан а, Мтиулетин а хьаннашкий, чIагIонашкий... ГIезалоша Iаламат боккха кхерам тасар бахьанехь, дукхахболу гуьржий шайн гIопаш а, чIагIонаш а дIа а тесна, Кавказе бевдира».

Ткъа вукху агIор, ордынски ханаша лелхийначу къилбаседа кавказхошна тIехь куьйгалла деш хиллачийн векалшна (масала, Аланерачарна) тхов-кIело карайора Гуьржийчохь. «Картлис-Цховреба» тIехь билгал ма-даккхара, Давид Улус (1243—1269) гуьйржийн паччахь волчу хенахь, ХIирех кIело йина Iачу монголхойн полководцах Беркех една кIелхьараелира «тамашийна» зуда Лимачав. Цуьнца дара Ахасарпакианан тайпанах долу цуьнан ши бер — Переджан а, Бакатар а, иштта дуккха элий а. Уьш Гуьржийчу а баьхкина, Лаша Георгийн кIантана паччахьна Давидана хьалхахIиттира. Цхьаберш паччахьа дIанисбира Дманисехь (Горин район), вуьйш — Жинванехь (Арагви-хин коьртехь). — бисинарш — Тифлисехь. В. Н. Гамрикелина хетарехь, оцу кеппара этнически дIасакхалхаран а, тIемийн а тIаьхье — двалаш — вайнах — Нарски чIожехь а, Большая Лиахви хин тогIешкахь а меттигерчу къаьмнех дIаэр ю.

Монголийн империн баккхий хийцамаш дӀабуьйлало гергарчу хьесапехь 1260-чу шарахь, Беркес Дашочу Ордехь ислам пачхьалкхан дин дӀакхайкхийначу а, ткъа Иранан а, Закавказьян а монголийн хана къилбаседерчу шен вежаршна дуьхьал тӀом дӀахьебинчу а хенахь. Оцу муьрехь Хулагус воь Джучи тайпанах схьаваьлла масех лакккхара тӀеман хьаькам, шен Ӏедал къобалдан уьш реза ца хилча. Ткъа Ала-Темур коьртехь волчу монголийн цхьана отрядана едда кӀелхьара яла аьтту белу. Оцу отряда юкъахь вара Ногай а. Оцунна вай тидам тӀебохуьйту хӀокху бахьаненна: и отряд Белокански новкъахула Хунзахе кхочу, амма меттигерачу бахархоша некъ боьхку царна. Эххар а монголаша толам боккху. Беркена тӀе цара кхидӀа бен некъ хетарехь Нохч-ГӀалгӀайн территори тӀоьхула Ӏаьндийн дукъахула хилла, Хулхулаун тогӀехула, хӀунда аьлча ханан ставка Терка тӀехь лаьтташ хиларна.

Кочевникийн оцу тӀелетарша Ӏаламат йоккха новкъарло йира Закавказьян мехкашна, оцу юкъахь Гуьржийчоьнна а тӀехь, политически а, социально-экономически а кхиарна. Халачу киртигехь гуьржийн ахархой а, гӀалахой а хилла ца Ӏаш, ткъа паччахь а шен элашций цхьаьна, Кавказан лаьмнашкахь дӀалачкъа дезаш нислора. Иштта, масала, Газан-хана (1295—1304) паччахьалла лелочу хенахь, гуьржийн паччахь Давид IV (1292—1310) цкъа хьалха Цискарихь а, тӀаккха Дарьялан чӀожехь Гвилетиж гӀопехь а лечкъина Ӏийра.

Иза доьзна дара монголийн наместника Навруза Гуьржийчохь къинхетам боцуш талор бахьанехь, килсаш а, кхийолу культурни памятникаш а хӀаллак а еш. ТӀаккха Давид шен берригечу вельможашций, дворянашций, XIV-чу бӀешеран юьххьехь, Мтиулете вогӀу. Мтиулахойн, пхайхон, вайнехан, иштта кхечу а ламанхойн гӀоьнца, цо алански ков схьа а доьллий, ха эккха а дой, дерриге Дарьялан Ӏин схьалоцу.

Цул тӀаьхьа ламанхойх 15 эзар эскар вовшахтухий, Давид Тифлисехьа дӀаволало, гӀалин йистехь аьхкенан дежийлашка дӀабаха кечлучу кочевникашна тӀелета.

Къилбаседа Кавказан къаьмнаша Закавказьяна гӀо деш къийсам латторан масалш дуккха а ду. Фольклорехь билгалбохуш а бу и къийсамаш.

Ӏаламат хала къийсам латто дезна ламанхойн Иранан ильханашна дуьхьал 100 шарахь бахбеллачу Хулагидо-Джучидски тӀамехь. Церан эскарш коьртачу декъана ДегӀастанан а, Нохч-ГӀалгӀайчоьнан а махка тӀехула чекхдуьйлура. Ордынски хана Узбека паччахьалла лелочу хенахь, 1319-чу шарахь эмир Чопан коьртехь волу Иранан монголхойн эскарш Гуьржийчухула Дарьялан Ӏин а хадош Къилбаседа Кавказе кхочу, ткъа юха гӀо уьш Дербентехула, Къилбаседа-Малхбале Кавказана талор а деш, Соьлжаца Терка тӀе кхаччалц охьа: «Уьш Теркан йисте кхечира, цара къинхетам ца бира цхьана а юьртах, гӀаланах, оцу меттигашкарчу кочевникех; цара бойура, талабора, йийсар бора».

XIV-гӀа бӀешо чекхдолуш Дашочу Ордын хана Тохтомыша а, Чагатайски улусехь а, Иранехь а Ӏедал шен кераэцначу Тимура а дӀахьо улусийн тӀеман политика.

1386-чу шеран бӀаьста Тимур шен эскарций Тифлисе вогӀу. Ах шарахь къийсам латтийначул тӀаьхьа цо схьайоккху Тифлис, шен доьзалций паччахь Баграт йийсар а веш. Цул тӀаьхьа иза Ширване воьду. Тимура Багратана дош ло паччахьалла дӀадала, нагахь санна вукхо бусулба дин тӀеэцахь. Паччахьа хӀилланца дӀахьедо ша цунна резахилар, гуьржашна ислам дин тӀедожорхьама шена эскарш а доьху. Тимура 12 эзар тӀемало а лой, дӀавохуьйту Баграт.

Аракс хи тӀе кхачарций, Баграта къайллаха хаам бо Кавказан лаьмнашкахь лечкъина Ӏачу шен кӀанте Георгийга хиллачун хьокъехь. Шен ден тӀедиллар кхочушдеш, ламанхойх вовшахтоьхначу эскарца Бердудели хи тӀехь Тимуран хьалха йогӀучу отрядана тӀелета Георгий. Шен рогӀехь паччахьа а готте хьовзадо мостагӀчун эскарш. Оцу кеппара, массо агӀор го а бой, мостагӀ хӀаллакво цара. Тифлисера берриге мостагӀий дӀа а лохкий, юхадерзадо шайн мехкаш.

ШозлагӀа 1394-чу шарахь гучуволу Тимур Картлехь. Гуьржийн эскарший, церан гӀоьнчаша — Кавказан ламанхоший ондда дуьхьало ешшехь, ницкъаш цхьабосса цахиларна, Тимуран керах долу уьш юхабаха — лаьмнашка дӀалахка.

Гуьржийчохь тала а йой, Дарьялан Ӏинчу вогӀу Тимур. Эриставийн хроники тӀехь иштта яздина ду оцу хьокъехь: «Ӏинчу а ца тарлуш Тимуран эскарш схьакхаьчна; уьш сиха ду. Царна дуьхьала волу Виршел а, цуьнан юххернаш а, секхаӀедаш детта; цул тӀаьхьа тарраш схьадоху. Дерриге эскаран цхьаьнаметта тӀетохар дойла яц; тӀаккха Тимуран хьалхара тӀемалой юхабовлу, хӀунда аьлча царах дукхахберш байинера. ТӀаккха дӀадоьду дерриг эскар».

Гуьржийн шератептар тӀехь аьлла ма-хиллара, 1395-чу шарахь Къилбаседа Кавказан лаьмнашка Тимура шен эскарш далоран коьрта бахьана цхьаъ ду: цунна таӀзар дан лаьара Гуьржийчоьнан эскаршца цхьаьна шена дуьхьал къийсам латточу ламанхошна, цуьнца цхьаьна шен Закавказера меттигаш паргӀат а йохуш, ламанхойн гӀо гуьржашна дехка.

Оцу кеппара, ламанхоша доккха гӀо дора гуьржашна а, азербайджанашна а цара Иранан ильхашна а, Тимурна а дуьхьала латточу къийсамехь.

Ламанхойн феодальни аристократин цхьаболу векалш Гуьржийчоьнан эскаршкахь даккхийчу даржашкахь а хилла — адыг Джикур, вайнах Торгуа Панкели, Виршел, хӀири Бакатар, кхи-

берш а, ткъа гуьржийн паччахьан Давидан зуда аланка Алтун хилла.

Дерзош аьлча, Кавказан ламанхоша XIII—XIV-чуй бІешерашкахь билггала долу маьІна лелийна гуьржийн а, азербайджанан а халкъийн историехь, цара арахьарчу мостагІашна дуьхьала латточу къийсамехь. Оцо чІагІдора вовшашна юкъара гергарло а.



Іумар САИЕВ



# ЦО СУНА ТЕМБАЦАР ЛО

Стихаш

* * *

Буьйсанан кІоргаллехь
Ойланехь цхьалха а ваьлла,
Кхерста со урамехь
Бохуш сайн бІаьстенах чам...
ГІан-набарх тхьаьвсина
Лаьтта юрт сан паргІат яьлла
Эсалчу мохо сох
Хьерчабо тулгІенан тІам...
Ойланаш хьерча сох.
Маьршачу дахарна хьегІаш...
Дуьненан серлонга
Кхайкхадеш шайн къора аз!
Седарчийн тобанехь
ДІо седа ма гІийла хьоьжу?
Ларамза дІахьаьжна
Йина-те ас цунна вас...
Бос гІийла бу моьттуш
ГІайгІане буй-те и седа?
Безамах Іаь гІуьттуш
Вуй-те дагош шен нур?!
Я кхоллам бу-техьа
Суна сан ирсан юьхь къедош?..
Ойланехь ас сайна
БІаьрхьалха хІоттадо сурт.
Седарчийн дукхаллехь
Цунах бІаьрг тиларна кхоьруш,
Стигланан есаллех
Чекххьоьжу седане со.
Сан даг чу безаман
Ховха тхиш зІаьнарех хьоьрсуш,
Къорачу тийналлехь
Цо суна тембацар ло...
Ткъа бутт бу техкалуш,
Аганан жима бер санна,
Текхначу боларца
Седарчашлахь нека деш.
Токхечу серлонца
Хьаьрчи и ламанан хьаннех,
КІоргачу Іаннашкахь
Шовданийн шабарийн теш...
Яьсси ду тулгІенаш
ГІамарийн бердашца ловзош,
Даима ша санна
Аьрхалла синпхенахь шен.
Кегий хиш тІедоьхуш,
Сатуьйсуш чухчарехь хьовза,
Тийначу шен дахарх
Ца хуьлуш цуьрриг а тем.

## КЪАСТАРАН КЪАХЬ

Кхолламо шен хичаш йина,
Морзахдевлла некъаш вайн?
Мархалдели кхин цхьаъ синтар!..
ТІекІелдели кхин цхьа тІай...
Хаьа, хир ю дог хьо доьхна,
Ойла яьхьна селхане?
Ирсан кІаже дагайоьхна,
Тахна вайх дІакхелхинарг...